Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 37 (7281)
8 сентябрь 2017 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багъа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Ко Дня солидарности в борьбе с терроризмом

3 сентября - День солидарности в борьбе с терроризмом. Это трагическая дата теперь неразрывно связана с ужасающими событиями, произошедшими в Беслане с 1 по 3 сентября 2004 года, когда в результате беспрецедентного по своей жестокости террористического акта погибли более трехсот человек, в основном женщины и дети.

Эта дата призвана увековечить память невинных жертв террористических актов на территории нашей страны. Борьба со злом – это наше общее дело, так как от этого зависит наше будущее и счастливая жизнь наших детей. Сегодня вспоминают тех, кто стал жертвами непримиримого зла и тех, кто героически отдал свои жизни при исполнении служебного долга. Защитники Отечества, общественного порядка каждый день, жертвуя своей жизнью, оберегают наш покой. Хочется выразить им особую благодарность за опасный и доблестный труд. Еще раз хочется напомнить о бдительности каждого из нас, чтобы настоящее и будущее всегда было мирным и спокойным. Мы должны приложить все усилия для того, чтобы лишить террористов даже надежды на поддержку в обществе, не дать им шанс повторить трагедии. Главное наше оружие — бдительность, сплочённость, неравнодушие.

Желаю мира, добра и взаимопонимания всем жителям Унцукульского района!

**Глава МР «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов**

## Власти Дагестана сделали заявление по поводу ситуации в Мьянме



**Сегодня пресс-служба Администрации Главы и Правительства Дагестана сделала заявление по поводу ситуации в Мьянме.**

«Последние события в Республике Мьянма, где происходят столкновения на религиозной и этнической почве, уже приведшие к многочисленным жертвам, вызывают серьезную озабоченность у всей международной общественности, в том числе в России и Дагестане.

Хорошо зная, что такое экстремизм, терроризм, и какую опасность они несут человечеству, дагестанцы решительно осуждают любые формы насилия и нарушения прав человека, где бы это ни происходило.

Министерство иностранных дел Российской Федерации уже обратилось к противоборствующим сторонам с призывом сесть за стол переговоров и наладить конструктивный диалог во избежание дальнейшей эскалации конфликта.

Проявление гражданской солидарности к страдающим людям любой этнической, конфессиональной принадлежности заслуживает понимания и уважения. Вместе с тем, решающее значение в урегулировании крайне непростой ситуации будут иметь совместные усилия авторитетных международных организаций и дипломатических миссий. Это позволит остановить кровопролитие в Мьянме и оказать гуманитарную помощь беженцам, всем нуждающимся.

Глава Дагестана Рамазан Абдулатипов обеспокоен сложившейся ситуацией в Мьянме. По его словам, в первую очередь, стороны конфликта должны придерживаться международного права, не разжигать насилие и стремиться решать проблемы только мирным путём. В Дагестане на протяжении многих веков сосуществуют представители разных национальностей и вероисповеданий. Мир и согласие в таких регионах возможны только при развитии культуры взаимоотношений и с учётом интересов всех сторон».

Лъай кьей

# Лъаязул Къоялда



нилъер улкаялъул букIинесеб. Лъимал – нуж руго нилъер букIинеселде бугеб лъикIаб хьул, рекIелчIей. ГIадада гурелъулха пачалихъалъул приоритетниял проектазул цересел кьеразда бугеб лъай кьеялъул проект. Нижеца кинабго гьабизе буго нилъер школаздаса къватIире риччалел цIалдохъаби районалъул, гьединго улкаялъул киналго бутIабазда хIалтIизе бегьулел мустахIикъал гIадамал гIезариялъе.

Хириял учительзаби, лъай кьеялъул бутIаялда хIалтIулел! Нужеца тIаса бищана захIматаб профессия. Нужер




Районалъул школазда жакъа тIоцебесеб нухалда партабазда нахъа гIодор чIолел руго 380 цIалдохъан. Нилъер школазда кинавниги исана цIализе руго 3500 цIалдохъан.

Шамильхъала поселокалъул школалъул азбаралъуб тIобитIараб лъаязул къоялда хурхараб хIурматияб линейкаялда гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьединго гьенир г1ахьаллъана Дагъистан республикаялъул ХIинкъи гьечIолъиялъул Советалъул Секретарь Абулмуслим Абулмуслимов, Шамильхъала поселокалъул бетIер МалахIусейн ХIажиев, лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухIамадгIалиев, культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев ва гIемерал цогидалги.

Данделъи рагьана поселокалъул школалъул директор Гъ. ГъазимухIамадовас ва баркиялъул рагIабаздаса хадуб кIалъазе рагIи кьуна районалъул бетIерасе.

Жиндирго кIалъаялда ГI. НурмухIамадовас абуна: «ХIурматиял цIалдохъаби ва учительзаби! РакI-ракIалъ баркула нужеда киназдаго Лъаязул къо. Гьеб къо бачIиналъухъ нилъ киналго, лъималги чIахIиялги ралагьун чIун рукIуна.

Лъаязул къо ккола киналго разияб, киназго букIинеселде хьул гьабулеб, кьер-кьерал тIугьдузул, цIиял тIахьазул ва тетрадазул берцинал махIалги школалъул цIурмазул гьаракьги жубараб праздник.

Жакъасеб дунялалда лъай кьеялъул бугеб кIваралъул лъиениги бицине ккеларо. ГIолеб гIелалъе школазда лъай щвеялда, пикру цебетIураллъун гьел куцаялда бараб буго хIалтIуда лъаларо хIалхьи. Нужеца кинабго нужерго бажари кьезе ккола лъималазе. Нилъер лъималазул бергьенлъи, гьеб буго битIухъего нужер хIалхьи лъалареб хIалтIул хIасил. Баркала нужеца тIаса бищараб профессиялдехун нужер бугеб рокьиялъухъ, яхIалда чIеялъухъ, рекIел хинлъиялъухъ.

Хириял ракьцоял! Баркула нужеда тIаде щвараб цIияб цIалул сон. Биччанте нужее киназего цIияб цIалул сон букIине цIиял бергьенлъабаздалъун бечедаблъун. Биччанте гьаб сон букIине нужее кинабго рахъалъ гвангъараблъун ва талихIаблъун. Рохелалъ нуж кидаго рехун тогеги!»,-ян лъугIизабуна бетIерас жиндирго кIалъай.

Гьединго баркиялъул кIалъай гьабуна Дагъистан республикаялъул ХIинкъи гьечIолъиялъул Советалъул секретарь Абулмуслим Абулмуслимовасги.

Рохалилаб данделъиялда цадахъго унеб букIана кьурдухъабазулгун кочIохъабазул, гьединго исана школалде рачунезул церерахъинал.

Гьениб данделъаразда бицана араб цIалул соналда цIалдохъабаз батIи-батIиял олимпиадабазда, конкурсазда, къецазда районалда ва район бахун къватIибехунги росарал бергьенлъабазул.

Ахиралда кьабуна цIалдохъаби тIоцебесб дарсиде ахIараб цIумур.

Абизе ккола районалъул киналго школазда тIоритIарал данделъабазда гIахьаллъанин администрациялъул жавабиял хIалтIухъабиги,-абун.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 37 (7181)*
*8 сентябрь 2017 сон*



Табасараназул Джули росулъ цIали лъугIун унев гIакълолъаялдалъун ва рухIияб рахъалъ цеветIурав Шамилида хадувги валагьун учителас абуна: «Дица цо магIаруласул гьабуна лъадарараб ва кутакалда къвакIараб ханжар. Дица гьеб рехана тушбабазул хIатIакье. Хадуб ккезе бугеб къисматалъул дида щибго лъаларо»,-абун.



Имам Шамил гьавун - 220 сон

# Шамилил хъизан

Шамил имамасул букIана кIудияб, гIемермиллатазулаб хъизан. Имамас кинайниги ячана микьго чIужу. Гьез дандекъан Шамилие гьаруна I0 лъимер: 5 вас ва 5 яс.

Шамилил тIоцеесей чIужу - Генуса ХIурия, гIицIго лъабго къоялъ гурони гьесулъ ригьнада йикIинчIо. ШаргIиял къанунал цIунун гьабураб жиндирго тIоцебесеб ригьин Шамилица халат кквечIо.

Шамилил кIиабилей чIужу – ГIабдулгIазизил яс ПатIимат, гьаюна I8I0 соналда. ПатIиматил эмен ГIабдулгIазиз вукIана Унсоколо росулъ чIарав машгьурав тIабиб. Шамилил эмен Денгасул МухIамадилгун гьесул букIана лъугIулеб бугеб гIагарлъи. Денгав гьеб ригьнадаса цIакъ вохарав вукIана. Жиндирго гьабихъе рачIарал гIадамазда гьес гьикъулаан: «Росуль хабар щиб бугеб?»-абун. Щибго гьечIилан жаваб гьабидал, гьев гIажаиблъулаанила: «ВахI! Шамилие ПатIимат абун йигиланги бицунеб гьечIищха?»- ян. ПатIимат йикIана унго-унгояб куцалда, жиндиегоги эбелинсуеги йокьун ячарай чIужу. Шамилие гьей цIакъ хирияй йикIана. Гьелъ Шамилие щуго лъимер сайгъат гьабуна. Хвана ПатIимат Чачаналъ, I845 соналда.

Шамилил лъабабилей чIужу – Генуса ЖагIпарил Жавгьарат, гьаюна I8I4 соналда. Гьей йикIана цIакъ берцинай гIадан, Шамилие кутакалда йокьулей чIужу. Шамилица Жавгьарат ячана, рос МаллахIусенги чIван къоролльуда хутIарай гIадан. ТIоцевесев росасдасан гьелъул вукIана вас, инсул цIар лъурав. Жавгьаратица Шамилие гьавуна цо вас. Имамасул чIужу, бахIарчияй магIарулай Жавгьарат шагьидлъана АхIулгохIда.

Шамилил ункъабилей чIужу йикIана эрменияй ШугIайнат (сураталда). Гьей гьаюна I825 соналда. Ахъбердил МухIамадица I840 соналда Моздокалде гьабураб чабхъеналъул хIасилалда асирлъуде ккарай Анна Ивановна Улусова Шамилил гIумрудул гьудуллъун хутIана. Гьей испагьияй эрменайги бахIарчияв имамги тIоцере цоцада рихьаралго цоцазе рокьана ва бижана цIияб ригьин. Гьелъ Шамилие гьаюна цо яс. Хвана ШугIайнат I876 соналда Истамбулалда.

Шамилил щуабилей чIужу- Гьазигъумекиса Жамалудинил яс Загьидат гьаюна I828 соналда. Имамас гьей ячана I4 сон барай гIадан. Гьеб ригьин букIана, цо къадаралда, сиясатияблъунги. Загьидат йикIана цIакъ гIакълилай чIужугIадан. Гьелъ Шамилие гьабуна лъабго лъимер. Загьидат хвана Мадинаялда I870 соналда.

Шамилил анлъабилей чIужу – Генуса ГIадушил МухIамадил ПатIимат йикIана ригь арай гIадан. Гьей ячун йикIана рукьалъул ва магIишаталъул тIалаб гьабизе.



ПатIиматил лъимер букIинчIо.

Шамилил анкьабилей чIужу – Гьазигъумекиса наиб ГIабдулагьил Цакхарил яс Аминат гьаюна I835 соналда. Гьебги букIана сиясатияб мурадалда гьабураб ригьин. Загьидатил мурад гьабун, Шамил I858 соналда гьелдаса ватIалъана. Гьезул лъимер букIинчIо.

Шамилил микьабилей чIужу йикIана чачанай Зайнаб. Гьей ячун йикIана баракаталъе. Ячараб къоялъго Шамилица гьей йиччанги тана.

Шамилилги ПатIиматилги тIоцевесев вас – Жамалудин гьавуна I83I соналда Генуб росулъ. Микьго сон барав Жамалудин АхIулгохIда гIурусазухъе аманаталъе къуна. Гьев гIуна Россиялда, вахъана гIурус армиялъул офицерлъун. Рокьове Жамалудин тIад вуссана I855 соналда. Гьес ячун йикIана чачанай, наиб ТалхIикIил яс. Жамалудин хвана ва вукъана I858 соналда КIкIаратIа.

Шамилилги ПатIиматилги кIиабилев вас – ГьазимухIамад гьавуна I833 соналда Генуб росулъ. ГьитIинго гьев гIахьаллъана рагъазулъ, I8 сон байдал тIамуна КIкIаратIа наиблъун. Наиблъи гьес бажаризабуна. Рагъул ахиралдехун гьев лъугьана имамасул аслияв кумекчилъун. ГьазимухIамадица ячун йикIана Илисуялъул султан Даниялбекил яс Калимат. Гьей Калугаялда хвейдал, ГьазимухIамадица ячана ЧIохъа Давудилаcул яс ХIистаман-ХIабибат. Эмен хун хадуб, ГьазимухIамад гочана Турциялде ва гьениб рагъулаб хьулухъ гьабулаго вахана маршаласул даражаялде. ГIумруялъул ахир инсуцаго гIадин гьесги Мадинаялда тIобитIана ва гьенив хвана I902 соналда.

Шамилил лъабалилев вас – Юсуп гьавуна Жавгьаратие I837 соналда Генуб росулъ. Гьесда тIоцебе Юсуп абурабги хисун лъун букIана цIияб СагIид абураб цIар. Гьеб цIар къун букIана машгьурав гIалимчи, лъабаво имамасул аслияв мугIалим ГьаракIуниса СагIидил хIурматалда. СагIид эбелгун цадахъ шагьидлъана I839 соналда АхIулгохIда.

Шамилил ункъабилев вас МухIамадшапигI гьавуна ПатIиматие I839 соналда Чачаналъ. ГьитIинго гьев гIахьаллъана рагъазулъ ва балугълъиялда тIамуна Гъуниб наиблъун. МухIамадшапигIица ячун йикIана ЧIохъа ГIинкъав-ХIажиясул яс Аминат. Гьей хвана Калугаялда. МухIамадшапигIил кIиабилей чIужу йикIана татарай Мариямханум. Гьес хьулухъ гьабуна гIурус армиялда ва вахъана генерал-майорлъун. МухIамадшапигI хвана I905 соналда Пятигорск шагьаралда.

Шамилил щуабилев вас – МухIамадкамил гьавуна Загьидатие I86I соналда Калугаялда. Гьев ГьазимухIамадица цадахъ ккана Турциялде. Турциялъул армиялда хьулухъ гьабулаго гьев вахана генераллъиялде. Гьесул чIужу йикIана дагъистанияй Набигьа. МухIамадкамил хвана I95I соналда Истамбулалда.

Шамилилги ПатIиматилги тIоцеесей яс – Написат гьаюна I842 сонада Чачаналда. Гьей йикIана ПатIиматил эбелалъул цIар къурай яс. Росасе къун йикIана Гьазигъумекиса Жамалудинил вас ГIабдурахIмание. Написат хвана I866 сонада Калугаялда, юкъана Генуб росулъ.

Шамилилги ПатIиматилги кIиабилей яс – ПатIимат гьаюна I843 соналда Чачаналда. Гьей йикIана АхIулгохIтIа шагьидлъарай Шамилил яцалъул цIар къурай яс. Гьейги росасе къун йикIана Гьазигъумекиса Жамалудинил вас ГIабдурахIмание.

Шамилил лъабабилей яс Нажават гьаюна Загьидатие I846 соналда Чачаналда. Нажават йикIана кIиябго бохалда рекъай яс. Калугаялда тохтур Корженевскияс гьелъул бохдул ритIизаруна. Гьей росасе ун йикIана МухIамад-Аминил васасе. Хвана I874 соналда Истамбулалда.

Шамилил ункъабилей яс – Сапият гьаюна ЩугIайнатие I850 соналда Чачаналда. Хвана Сапият Мадинаялда I87I соналда.

Шамилил щуабилей яс – Бахумеседо гьаюна Загьидатие I856 соналда Чачаналда. Гьей йикIана Шамилил эбелалъул цIар къурай яс. Хвана Бахумеседо I876 соналда Истамбулалда.

БатIи-батIияб куцалда ккана Шамил имамасул лъималазул ги гIагарлъиялъулги къисматал. Гьезул ирсилал руго дунялалъул батIи-батIиял улкабазда гIумру ва магIишат гьабун. Жакъа Шамилил тухум лъугьун буго халкъазда гьоркьосеб, кIудияб, гIемермиллатазулаб тухумлъун.

# Имам Шамил -тарихалъул матIуялъусан

**Имам Шамил ккола цохIо Дагъистаналъул гуревги, тIубараб Северияб Кавказалъулго цIар рагIарав вас. КигIан цIикIкIун гьесул гIумро ва хIалуцарал дол Кавказалъул рагъул санал лъазаруралгIан цIикIкIун цебе рехула гьесул бахIарчилъиги гьунарги. БукIана замана (I970-I980 с.с.) Шамилил хIакъалъулъ рагьун бицине гьукъарал: хъвазе ва ахIизе толароан кучIдул, рахъизе толароан тIахьал, тIоритIизе толароан конференциял. Гьедин абизе кколеб буго, щайгурелъул жеги киназдаго тIубан бичIчIун гьечIелъул доб заманалъул лъугьа-бахъиназул кIвар. Гьединлъидал нилъеца кинабго гьабизе ккола доб заманаялъул бахIарзазул хIакъалъулъ мухIканал баянал гIадамазухъе щвезариялъе.**

Рамазан ГIабдулатIиповас жиндирго Instagram страницаялда 4 февралалда (имам ракIалде щвезавиялъул къо) хъвана: «Дагъистаналъулгун Чачаназул лъабабилев имамлъун вукIадго Шамилица живго вихьизавуна гIакъилав пачалихъияв хIаракатчи, къвакIарав рагъухъан, тушманасде данде миллатал цолъизарун бажарулев рухIанияв хIаракатчи хIисабалда. ГIажаиблъи гьабизе ккараб жо буго Парижалда лъураб сценаялда (XIX гI.) Шамил вихьизавулаан Грузиялъул ханзабазулгун князазул ирсилавлъун яги Европаялда гIуравлъун. Щайгурелъул доб мехалда француззаза цебе чIезабун бажарулеб букIинчIо кин Кавказалъул къурабалъ ва кIкIалабахъ гьединав инсан вижизе рес вугевали. ХIатта буго XIX гIасруялъул бакьулъиялда хъвараб «Шамил Парижалда»,-абураб тIехь.

Гьале кIиабилеб сон буго «Дагъистан» кино-



компаниялъул заказалда рекъон кIиго сериялъул «Имам Шамил, Ахульго» абураб кинопроект бахъулеб бугелдаса. Гьелъул генералияв директор ва продюсер ккола жиндирго ишалъул махщелчи, Россиялъулгун Дагъистаналъул патриот МухIамад ГIабдулкъадиров. Кино бахъулеб буго «Ленфильм» киностудиялъ. Хъван буго сценария. ХIалтIи унеб буго гIодобе биччан ва мухIканго, дандчIвалел руго гIемерал захIмалъаби. Республикаялъул нухмалъиялъ рикIкIунеб буго проекталъ халатаб заманаялъ гIумро гьабизе кколин. Нилъеда лъала имам Шамилил хIакъалъулъ гIемерал фильмал рахъараблъи. Амма гьезул цонигиялъ рагIа-ракьанде щун бихьизабулеб гьечIо бахIарчиясул тIубараб гIумроялъул нух. И. М. ГIабдулкъадировасда ва «Ленфильм» киностудиялъул нухмалъиялда бичIчIула жидедаго цебе чIараб масъала.

Кавказалъул рагъул буго цоги геополитическияб рахъги. Россиялъул офицерзабазгун солдатаз тIубазабулеб букIана жидедаго тIадаб борч, мутIигI гьабулеб букIана инкарчагIазул дандерахъин. КIиябго рахъалъул бахIарчилъиялъе ва къохIехьеялъе нугIлъи гьабула АхIулгохIда ругел аза-азар бусурбабазулги христианазулги хабалаз.

Пачаясулги гьесул генералазулги букIана доб заманаялъул рагъуе къимат кьолеб жидерго хасаб бербалагьи. Россиялъул империялда щокъроб къараб ракьалъун букIана Дагъистаналъулги Чачаназулги эркенлъи цIунун данде рахъин. Пачалихъалъул гIорхъи цIуниялъул мурадалдаги НикIолай I ясда кIвечIо Кавказ квер хьвагIун тезе. Генералаз абуни тIубазабулеб букIана гьесул буюрухъ.

**Суратала**: Шамил француззазул бераздалъун

**(Ахир 3 гьумералда)**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№37 (7181)*



Мьянма республикаялда ахираб заманалда кIиго диниял ва этническиял къавмазда гьоркьоб кколеб бугеб тунка-хIусиялъ рахIат хвезабун буго Россиялъулги Дагъистаналъулги.

Экстремизмалъгун терроризмалъ кьолел хIасилал лъикIго ричIчIулел дагъистанияз разилъи гьечIолъи загьир гьабулеб буго Мьянмаялда загьирлъулел ругел бiял гIодоре тIурал лъугьа-бахьиназдаса. Гьединал ишазе къимат кьезе ккола дунялалъул кинаб бутIаялда гIадамазул ихтияр хвезаби ва вахIшилъи загьирлъаниги.

# ГIадамал разиял устарзаби

Дагъал церегIан соназдаги гьалдолеб гIумро букIана районалъул МСОялъул минаялда. РукIана магIишатиялгун батIи-батIиял бутIабазда ралел бакIал, унел рукIана гIемерал хIалтIаби, кидаго камулароан хъудулеб техника. Амма замана хисана. Улкаялда кколел ругел халат рахъарал санкциязулги, политикиял хиса-басиязулги рачIиналъул, халат бахъараб заманаялъ чIезе кколаан лъезе рачIунароро. Гьеб киналъулго квал-квалал рукIунаан минабазул бетIергьабазе, гIадада унаан замана.



РакIчIун абизе бегьула Шамилица гьеб хIалтIи кодохъ босаралдаса ва гьанжесел тIалабазда рекъараб техникаялдалъун хьезабураб гордалгун-нуцIби гьарулеб цех рагьаралдаса квал-квалал тIуран лъугIанилан. Телефоналъ ахIун заман бахьилалдего Шамил тIаде щола гьабизесеб хIалтIи борцине, кватIизе толаро рамаби ва нуцIби лъейги. Гьабураб хIалтIиги гьесул букIуна тIад кIалъазе бакI гьечIеб, качественнияб.

Росдал гIадамазул рахъалъ гIемер рагIизе бегьула гьел гIолохъабазул хIакъалъулъ абулел хинал, гьездаса гIорхьи гьечIеб разилъиялъул, гьезие ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулел рагIаби. Баркала, нужее, жидерго ишалъул унго-унгоял устарзаби ГъазимухIамад ва Шамил. ГIадамалго гIадин Аллагьги разилъаги нужедаса!



хIасилалда лъугIун анин гьеб организациялъул хIалтIиян абуниги мекъи кkеларин кколаан. РакIалде кколаан тIубанго бесдаллъун батилин кидаялиго тIубараб къуваталда хIалтIулеб букIараб гьеб организациялъул цехал,- абун. Амма гьеб мекъи батана хIакъикъаталда гьениве щведал. Цехазе чIаголъи кьун бугоан гьениб хIалтIулеб сварочниягъгун пластиковиял гордалгун нуцIби гьарулел устарзаби ХIажиев ГъазимухIамадица ва МухIамадов Шамилица.

Районалъул росабалъ киса кирего унел руго бакIал рай. Ралел руго жалго бетIергьанал минаби. Нилъеда лъала кигIанисеб къадаралда къваригIунел азбаралда лъезе кавабиги, заборалги, хIоралги ва гIемерал цогидалги сварщикасул махщалил алатал,- абун. Гьеб кинабго хIалтIи махщалида, ракI бацIцIадго ва гIадамал разияб куцалда тIубазабулеб буго махщел цIикIкIарав сварщик ГъазимухIамадица. Районалда дагъал гьечIо сварщикал. Амма гIадамаз жидерго хIалтIи гьабизе кидаго тIаса вищула ГъазимухIамад. Щайгурелъул киназдаго лъала гьев устарасул хIалтIул качествоги берцинлъиги.

Бицинего ккеларо дагъал церегIанги рарал минабазда лъезе гордазулгун нуцIбузул рукIунел рукIарал захIмалъабазул. АхIизе кколаан рикIкIадал шагьараздаса устарзаби. РукIунаан квал-квалал гордалгун нуцIби рорцине

Суратазда: **Гъ-М. ХIажиев ва Ш. МухIамадов**

***Нижер мухбир***

# Тарбия кьей-кIвар цIикIкIараб иш

Инсан вижаралдаса нахъе закон хIисабалда бильанхъун араб гIадат буго эбел-инсуца лъималазе битIараб тарбия кьей, гьел жидерго къануназда куцай. Нилъеда бихьула гьеб гIададаталде квер хьвагIарал хъизамазда лъугьунел гIадлу-низам, адаб-хатир гьечIел лъимал. Гьединал лъимал бигьаго ккола батIи-батIиял квешал асаразде гьоркье. Руго хIужаби гьединал наркотиказде, гьекьолеб жоялде, хьалиян цIаялде ругьунлъаралги. Гьезул обществалъе букIуна кIудияб зарал.

Чан чи хъизаналда вугониги жив-живасул букIуна сверухьлъиялдехун жиндирго бербалагьи. Нилъее, хасго эбел-инсуе бокьула жидерго лъимал жидедасаго лъикIал лъугьине. Гьединаллъун гьел лъугьине ккани кутакалда яхI бахъизе ккола нилъеца: эбел-инсуца, учительзабаз ва тарбиячагIаз. Дир хIисабалда лъимал куцазе ккола гьитIинаб къоялдаса нахъего. Лъимал куцаялъул гIахьаллъизе ккола киналго: рокъор эбел-эменги, ясли-ахазда воспитателалги, школазда учительзабиги.

Узухъда киналго тарбиячагIаз гьезда малъула лъикIабщинаб, лъикIаб букIинаан малъулебго гIадин жидерго хьвада-чIвадиялдалъун гьезда мисал бихьизабуни. Лъимал цо бакIалда чIун рукIунаро. Къо бахьанагIан, чIахIа гIунагIан гьезда бихьула чIахIияз жидедаго бицунелдаги сверухь лъугьунеб бугелдаги гьоркьоб бугеб батIалъи. Рокьоб эбел-инсул лъималаздехун цого тIалаб гьечIони, лъималаз хIаракат бахъула бигьалъи тIаса бищизе. Гьеб заманалда гьел ккезе бегьула квешаб бербалагьиялде гьоркье, кверде росизе бегьула наркоманаз, хьалиянчагIаз ва цогидаги къваригIел гьечIеб хьвада-чIвадиялъул гIадамаз. Гьеб мехалъ гьел гьеб нухдаса таризаризе, битIараб нухде рачине кутакалда захIмат букIине буго. Гьединлъидал хIажат буго гьел нилъерго бербалагьиялдаса рорчIизе течIого цIунизе.

Школазда тIоритIула эбел-инсул собраниял. Гьенир абуни гIахьаллъула 2-3 эмен, хутIарал рукIуна улбул. БукIуна замана гIицIго инсуца лъималазулгун хIалтIи гьабизе кколебги. Щай нилъеца бегьулареб ясли-ахазда, школазда, мадрасабазда тарбия кьеялда хурхун бахIсал гIуцIизе. Гьелъие нилъер буго газета, телевидение, районалъул сайтал. Руго нилъер бажари бугел тарбиячагIиги. КъваригIун буго гьеб кIвар кьезе кколеб суал нахъ бахьун течIого гIумроялде бахьинабизе. Бегьулагури тарбия кьеялда хурхун щибаб моцIалъ цо-цо тадбир тIобитIизе. Гьелъ нилъер букIинесеб, нилъер лъимал куцаялъе цо къадаралъул пайда гьабилаан. Гьелъие гIуцIарухьанлъул ва цебехьанлъун букIине ккола районалъул лъай кьеялъул управление.

Аллагьас къуват кьеги нилъее ургъел гьечIолъи лъугIизабизе, битIараб нухда чIезе.

**Сулейман МУХIАМАДОВ.**

# Шамил - тарихалъул матIуялъусан

МагIарулазулги букIана гьеб рагъуе къимат кьолеб жидерго ритIухьлъи. Гьез тIалаб гьабулеб букIана эркенлъи, шаргIияб, Аллагьасул нухдасан хьвади. ГIасрабаз гьедин букIинеги букIана. Амма генерал Ермоловас рикIкIана гьеб Россия гIодобегIан гьаби кколилан. Гьедин Дагъистаналда ва Дагъистан бахун къватIибехунги вахIшияб куцалда дандчIвана кIиябго дунялалдехун бугеб бербалагьи, кIиябго культура.

Имам Шамилил гIакълу гIуна гIадлуялдалъунги ритIухьлъиялдалъунги имамат гIуцIизе. ГIадада гуро Николай II яс имам Шамил гьедин къадруялда, кIудияб пачалихъияв хIаракатчи гIадин къабул гьаврав. Къуна гьесие тIадегIанав полководецасе ва гIакъло бугеб нухмалъулесе кьолеб къимат.

1836-1838 соназда Шамилица чанго нухалда хIал бихьана пачаясул генералзабазулгун гара-чIвари гьабизе, чанго нухалда хьвана пачаясде кагътал. Киналго дандчIваязул ва кагътазул аслияб мурад букIана рекъел. Шамил рази вукIана Россиялъул территориялда магIарулазул автономия гIуцIизе, цогояб гIарац хIалтIизабизе. Гьес генералазда гьадин абизеги абуна: «Ниж бусурбабаз гIумро гьабизе буго нижерго къануназда рекъон. Дица дирго рахъалдасан рагIи кьола гIорхьабазда нужер рахIат хвезабунгутIизе, тIаде кIанцIиялги гьачагьлъиги рехун тезе, нуж, христианал абуни гIумро гьабун рукIа нужерго законазда рекъон».

Нилъеца кинабго гьабизе ккола бахIарчилъиялъул памятник АхIулгохIалъе ТIолгороссиялъул бахIарчилъиялъулгун культураялъул статус чIезабиялъе. Гьениб щибаб гамачIалъ, щибаб кIкIал-хьитIалъ нилъее бицуна мюридзабазулги Россиялъул солдатазулги бахIарчияб тарихалъул. ЦохIо тарихалъ гуребги жакъасеб кьоялъул хаслъиялъги тIалаб гьабулеб буго гьеб нилъедаса.

**Д. ХАЛИДОВ.**

Терроризмалде данде

# Къецал тIоритIана

3 сентябралда Шамильхъала поселокалъул стадионалда тIобитIана чIахIиязда гьоркьоб «ГIолилал-терроралде данде»,- абураб лозунгалда гьоркь футбол хIаялъул къецал. Гьел рухьинарун рукIана цадахъ рекъон терроризмалде данде къеркьеялъул къоялда. ХIаязул мурад букIана гIолеб гIелалда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи щула гьаби ва сахаб гIумро бихьизаби . Гьенир рукIинчIо бергьарал ва къварал.



Къецал тIоритIулел рукIана Шамильхъала школалъул стадионалда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул ва поселокалъул бетIер М. ХIажиевасул хIаракаталдалъун.

Гьенир гIахьаллъана М. МалахIусейнов, гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул отделалъул нач. А. МухIастанов, районалъул спорткомитеталъул пред. М. МухIамадов, культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев, Шамильхъала поселокалъул гIолилазул комитеталъул пред. Ш. НурмухIамадов, тIадеги лъай кьеялъул централъул директор М. НурмухIамадов ва гIемерал цогидалги.

Къецазде ракIарун рукIана гIемерал гIолилал. ХIаялъул заманаялда гьез рахъ кколеб букIана жидерго командабазул. Къецазда кинабниги гIахьаллъана 7 команда. Киналго гIахьалчагIазе къуна къиматал призал ва сайгъатал.

ЛъикIал гIадамазул хIакъалъулъ ракIи

# ТIоцеесей учительница



Гьале лъугIана рии, бачIана сентябрь. Байбихьана школазда цIияб цIалул сон. Цо-цояз жакъа тIоцебесеб нухалъ гали тIамуна лъаялъул дунялалде. ТIоцебесеб класс, гIумроялъго ракIалдаса иней гьечIей, кидаго гвангъараб лъалкI рекIелъ толей тIоцеесей учительница.

ХIакъикъаталдаги гьелда тIад буго лъималазул хадусеб къисматалъул кIул. Умумаз божун кьола гьелъухъе жидеего бищунго хирияб хазина - лъимал.

Нилъер щивасда ракIалда букIуна гьелъул каламалъул гьуинлъиги, лъималазде бугеб рокьиги, гьел лъаялъул нухдасан иналъе гьелъ бахъулеб хIаракатги.

ХIакъикъаталдаги гьединайлъун – ракI рагьарай, адаб-хIурматалъе мустахIикъай, лъималазе гIоло кинабго гьабурайлъун ракIалде щола киназдаго тIоцеесей учительница Базарганова Аминат.

50 ялдасаги цIикIкIун санал сайгъат гьаруна Аминатица гьеб гьайбатаб, амма бигьаяб гуреб учителасул махщалие.

Аминат ГъазимухIамадовна ккола Генуб росулъа. I953 соналда ана гьей школалде. I962 соналда росдал школалда микьго классги лъугIизабун цIализе лъугьана Буйнакскиялъул педагогазул училищеялде. I966 соналда лъикIал къиматазда гьебги лъугIизабун хIалтIизе ячIана Генуб росдал школалде. I994 соналдаса 20I7 соналде щвезегIан хIалтIана гендерил поселокалъулаб школалда. Гьеб гуребги I994 соналдаса нахъе Аминат ккола байбихьул классазул учительзабазул методобъединениялъул нухмалъулейги. 20I6 соналдайин абуни гьелъие кьуна «Почетный работник общего образования РФ» абураб тIадегIанаб цIар.

Чорхоль киналго лъикIал хасияттал рессарай Аминатица тарбия-лъай, жавабчилъи, захIматалде рокьи куцана гьелгощинал соназ лъималазуль, рагьана гьезул щивасуль жидерго гIамалазуль ругел лъикIал рахъал.

Гьаб сональ Аминат ана пенсиялде. Гьеб лъугьа-бахьин Аминатиеги школалъул коллективалъеги букIана пашманаб ишлъун. Амма гьелъул ва коллективалъул рагIабазда рекьон гьей кидаго хIадурай йиго киназухъего кумекалъулаб квер бегьизе, хIадур йиго жиндирго гIорхьи гьечIеб хIалбихьи киназего гIахьал гьабизе. Аминатида цIар-цIарккун лъала гьелгощинал соназ жинцаго дарсал кьурал цIалдохьаби, гьездаги кидаго кIочонаро жидерго кIиабилей эбел – Аминат ГъазимухIамадовна. У, хIакъикъаталдаги гьедин абула гьелда цIалдохьабаз. Санал ана, амма гьелъул махщел кIочон течIел цIалдохьабаз гьелъухъе кьолаан хадуркun жидерго лъималги, кьолаан гIодоре риччан, ургъел тун, щайгурелъул гьел божарал рукIунаан лъимал лъикIал кверазухъе кьолел рукIиналда.

Жиндирго гIемерсонилаб захIматалъул нухда Аминатил цоцаде божараб бербалагьи букIунаан цIохIо лъималазулгун гурребги, гьезул эбел-инсулгунги. Кинаб бичIчIулареб суал бугониги умумал гIедегIулаан гьелъухъе гIакълу данд базе. Гьедин гьабулаан щайгурелъул гьелда ва улбузда бичIчIулаан цадахъ рекьон хIалтIани хIасил лъикIаб кьолебльи.

Гьединайлъун йиго гендерил г1адамазе гьабсагIаталдаги гIемерисезул тIоцеесей учительница Базарганова Аминат ГъазимухIамадовна.

**Мадина СУЛТАНОВА**

Нужеда рагIун букIаниц?

## *Электрическиял лампочкабазул хIакъалъулъ*

*(Лъабго гIилла буго рокьор гьанжесел электрическиял лампочкаби хIалтIизаризе бегьунгутIиялъул)*

I. Ртуть жаниб букIиналъ рес буго гIемерал захIмалъаби ккезариялъе. БитIахъе бицани цо



лампочкаялъул кIудияб зарал букIинаро, кин бугониги загьоралъ унтизе бегьула. БухIун хадуб щибха гьелда гьабилеб? Мусоралъул бакалъубе рехизе гьеб бегьуларо (гьелда тIад гьабун бугеб гIаламаталъ бихьизабулеб буго гьедин) кьезе ккола ртуть гьорлъ ругел жалазул пунктаде, гьебин абуни ккола тIадеги бетIер унти. РакIалдаго гьечIого гьединаб лампочка бекани, нужеца гIумро гьабулеб рукъ къуватаб загьоралъ «заразить» гьабиялда хIинкъи буго.

2. ЩIех-рех гьабулез бихьизабуна гIадатиял лампочкабазда дандеккун энергия цIунулел ругин радиочастотниял ва электромагнитниял излучениял ругел. Бугеб бакIалдаса 25 см. радиусалъул манзилалда гьел хIинкъи бугел руго. Гьелъул магIна ккола гьединаб лампочка мокърукь бакун бугони сахлъиялъе зарал кколарин. Амма гьел данде кколаро ночниказе, столалда ва кроваталда аскIор лъолел светильниказда лъезе, ай гIадамазде гIагарал бакIазда рукIине. Цо бугони гьезул зарал кьола централияв нервабазе ва иммунияб системаялъе. ГIалимзабаз бихьизабухъе жибго излучениялъ унтизаруларо, амма сахлъиялъул бугеб хIал жеги гьварид гьабула, хронические унтаби цIикIкIинарула. ГIемерисел врачаз гьединал лампочкаби лъимал ругеб рокъоб хIалтIизаругеянцин рихьизарулел руго. I3-I4 сонида лъималазул психика ва беразул система гьанжего-гьанже бижулеб букIуна ва зарал гуреб пайда гьел лампочкабазул лъималазе букIунаро.

3. Компактниял люминесцентниял гIемер свинаризе рихьизарурал гьечIо: гьедин гьабуни гьелъул энергия цIунулеб къуват дагьлъула.

# В ОМВД России по Унцукульскому району идет набор

В ОМВД России по Унцукульскому району идет набор на следующие вакантные должности:

- Офицерские должности - Образование юридическое и отсутствие судимости,
- Сержантские должности - отсутствие судимости, аттестат,
- Гражданские должности - психолог, юристконсультант, фельдшер.

На офицерские и сержантские должности наличие военного билета обязательно.

Желающие трудоустроиться, обращаться в ОМВД России по Унцукульскому району по номеру: 8-988-431-11-18 (Старший Инспектор РЛС, Капитан внутренней службы Абдулвагабов М.М.)

# «Внимание - дети»

Анализ дорожно-транспортных происшествий показывает, что количество ДТП с участием детей существенно увеличился не только во время школьных каникул, но и в учебные дни. С начала текущего года дети стали участниками практически каждого десятого дорожного происшествия. По-прежнему, более 50% от всех пострадавших несовершеннолетних, являются дети-пассажиры, перевозимые в автомобиле без использования детских удерживающих устройств, либо не пристегнутые ремнями безопасности, не меньшую озабоченность вызываюти автопроисшествия, в которых




страдают от беспечности взрослых дети-пешеходы.

Отделение ГИБДД по Унцукульскому району обращается к родителям района с просьбой позаботиться о своих детях. Внимательно следить за их поведением на дорогах.

Исключить возможность самостоятельного появления детей до 10 лет без сопровождения взрослых на проезжей части дороги, соблюдение детьми и подростками правил дорожного движения при управлении вело и мото-транспортом. Простейшие правила: переводить ребенка через проезжую часть только в установленном месте; перевозить в автомобилях детей, не достигших 12 лет, с использование детских удерживающих устройств, а старше 12 лет пристегивать ремнями безопасности. По возможности приобрести яркую одежду или ранец для своего ребенка либо световозвращающие элементы, чтобы дети на дорогах были заметны, переходить проезжую часть автомобильной дороги только на установленном для этого месте – пешеходный переход. Следует обсудить с детьми кратчайшие и безопасные маршруты их движения, при этом учитывать интенсивность движения транспортных средств в местах перехода детей через проезжую часть.

Также обращаемся к водителям транспортных средств: быть внимательнее на дорогах, во время езды в светлое время суток фары ближнего света или дневные ходовые огни вашего автомобиля должны быть включены. В темное время суток и в условиях недостаточной видимости, независимо от освещения дороги, фары дальнего и ближнего света должны быть включены на всех автомобилях и мопедах.

**Р. Н. Мусавузов**
**Нач. ОГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району, майор полиции**


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 7. 9. 17 г. 14. 20 фактически -16. 500 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз.